

YON REZIME NAN LWA MCKINNEY-VENTO

Lwa McKinney-Vento bay divès kalite dwa ak sèvis pou ti moun ak jèn ki pa gen kay. Sa pran an kont tou moun sa yo: moun ki rete ak lòt moun paske yo pèdi kay yo, akòz mank resous finansye, oswa pou yon rezon konsa; moun ki konnen rete nan motèl, pak trelè, oswa kan paske yo pa gen lòt chwa kay; moun ki rete nan kay ijans oswa tranzisyonèl; ak moun ki ap dòmi nan machin, pak, bilding abandone, kay ki pa apwopriye pou moun, oswa jan de kay sa yo. [1] Dokiman sa a rezime pwèn esansyèl nan lwa McKinney-Vento a.

Nan nivo leta

Chak ajans edikasyon leta dwe deziyen yon biwo kowòdonatè leta a, avèk kapasite pou fè travay yo dapre lalwa sa a.[2] Travay sa yo se:

- Reponn a kesyon paran yo e jèn yo ki pa gen kay. [3]
- Ofri yon pwogram fòmasyon pwofesyonèl pou yo kapab kowòdone plizyè lokal e anpil pwofesyonèl. [4] [Resous: Resous pou Entrènman](#)
- Siveye ajans edikasyon lokal yo pou asire ke yo konfòme avèk lwa a. [5]

Nan nivo Lokal

Chak ajans edikasyon lokal (LEA) dwe deziyen yon kowòdonatè pou etidyan yo ki pa gen kay. Moun sa dwe gen kapasite pou fè travay yo anba lalwa. [6] Travay sa yo se:

- Asire ke lekòl yo idantifye epi enskri ti moun ak jèn yo, nan lekòl san yo pa lakay yo, e ke elèv sa yo gen yon opòtinite ki jis e egal pou yo reyisi nan lekòl. [7] [Resous: Idantifye Etidyan Ki pa gen kay lè lekòl fèmen](#)
- Patisipe nan fòmasyon pwofesyonèl ak lòt aistans teknik ke leta ofri yo. [8]
- Asire ke lòt anplawaye LEA resevwa pwogram fòmasyon ak lòt sipò nesèsè. [9]
- Asire jèn ki pa akonpaye pa paran yo konnen ke yo ka konplete FAFSA a kòm elèv endepandan, e ke yo resevwa verifikasyon ki koresponn a estati sa pou yo jwenn èd finansyèl pou inivèsite. [10] [Resous: Kijan pou ede jèn ki pa gen kay reyisi nan inivèsite](#)
- Konekte timoun ki san kay, jèn ak fanmi yo ak sèvis apwopriye pou sante fizik, dantè ak mantal, lojman ak sèvis pou moun ki gen pwoblèm adiksyon ak lòt sèvis nesèsè. [11]
- Divilge enfòmasyon sou dwa lwa McKinney-Vento bay, nan kote paran yo ak jèn ki san kay ale souvan, nan yon fason yo ka konprann. [12] [Resous: Bilten ke ou ka fè koreksyon: “Konnen Dwa ou”](#)

Stabilite lekòl la

- Timoun ki san kay ak jèn gen dwa pou yo rete nan “lekòl orijin yo” lekòl kote yo te ale lè yo te gen yon kay ki te estab jiska fen ane akademik la jiskaske yo jwenn kay ki estab, si lekòl sa pi bon pou yo. [13]
- LEA yo dwe pran desizyon ki pi bon pou elèv ak jèn yo e detèmine ke sa ki pi nan enterè yo se rete nan lekòl orijin yo; konsidere sitiyasyon ki afekte chak timoun an patikilye; bay priyorite a preferans paran yo, gadyen ou byen jèn san paran yo; fòk yo bay yon eksplikasyon pa ekri ak enfòmasyon sou dwa pou yo fè apèl kont desizyon an si LEA deside ke rete nan lekòl orijin nan se pa sa ki pi bon pou elèv la. [14] [Resous: Entèvyou ak lis pou sipòte seleksyon lekòl la](#)
- Definisyon lekòl orijin nan gen ladan li program lekòl matènèl ak yon lekòl segondè ki resevwa elèv ki soti nan yon sèten lekòl prensipal. [15] [Resous: Lekòl matènèl pou anpeche moun rete nan lari](#)
- LEA yo dwe ofri timoun ki san kay ak jèn yo transpò pou yo ale lekòl. Sa dwe kontinye jouk nan fen ane akademik la lè elèv yo rive jwenn yon kay ki estab. [16]

Enskripsyon ak patisipasyon nan lekòl la

- Timoun ak jèn ki san kay gen dwa pou yo enskri imedyatman nan pwogram lekòl matènèl la, menm si yo pa kapab prezante dokiman yo mande regilyèman, oswa yo te rate dat limit la pou enskripsyon pandan tan yo pat gen kay. [17] [Resous: Retire Baryè pou Enskripsyon Anlin pou elèv ki pa gen kay.](#)
- Leta yo ak LEA yo ta dwe devlope epi revize règleman yo pou yo ka retire nenpòt baryè ki ka anpeche timoun ak jèn ki san kay yo kapab enskri, patisipe ak kenbe nan lekòl ak pwogram lekòl matènèl ki gen baryè ladan yo, ki gen rapò ak pèman, amann ak absans. [18] [Resous: Sipòte Prezans Elèv ki pa gen kay](#)
- Nan ka yon diskisyon sou kalifikasyon yon elèv anba lwa sou McKinney-Vento, oswa seleksyon oswa enskripsyon nan lekòl la elèv la gen dwa enskri imedyatman nan lekòl yo chwazi a jiskaske dispit la ale nan tout nivo apèl posib epi pou li rezoud. [19]
- Leta dwe aplike pwosedi pou asire ke timoun ak jèn ki san kay yo pa fè fas ak baryè pou yo jwenn aksè nan aktivite akademik ak siplemantè. [20] [Resous: Patisipasyon konplèt nan aktivite siplemantè](#)

Timoun nan lekòl matènèl

- Definisyon lekòl orijin enkli lekòl matènèl kounye a. [21]
- Koòdonatè lokal yo ta dwe asire ke timoun ki san kay ak san fanmiy yo gen aksè ak pwogram tankou Head Start, Early Head Start, lekòl matènèl, ak sèvis pwogram ki fè entèvansyon bonè pou timoun ki andikap yo. [22] [Resous: Wout pou patenarya ak pwogram ki fè entèvansyon bonè](#)

Akimilasyon kredi ak preparasyon pou edikasyon inivèsitè

- Leta yo dwe aplike pwosedi pou yo idantifye ak retire baryè ki anpeche timoun ki san kay yo resevwa kredi apwopriye pou nenpòt ki pati nan yon kou yo te konplete de fason satisfèzan nan lekòl yo te ye avan an. [23] Koòdonatè lokal yo, yo gen pou yo aplike pwosedi sa yo tou. [24]
- Leta yo dwe dekri nan plan yo kijan jèn san kay yo ap resevwa èd nan men konseyè lekòl yo a, pou yo ka amelyore preparasyon yo pou edikasyon inivèsitè yo. [25] [Resous: Gid Pratik pou Konseyè yo](#)

Pwogram Tit I Pati A

- Tout LEA kap resevwa lajan atravè pwogram Tit I Pati A a dwe mete sou kote kèk nan fon sa yo pou sipòte timoun ak jèn ki san kay yo. [26]
- Lajan rezève yo ka itilize pou sèvis ki pa nòmalman itilize nan finansman pwogram Tit I; Pa egzanp yo ka peye salè koòdonatè lokal yo ak transpò pou lekòl orijin nan. [27]
- Leta yo dwe rapòte piblikman pousantaj gradyasyon ak pèfòmans lekòl timoun ak jèn ki san kay yo. [28]

1. 42 U.S.C. §11434a(2).
2. 42 U.S.C. §11432(d)(3)
3. 42 U.S.C. §11432(f)(7).
4. 42 U.S.C. §11432(f)(6).
5. 42 U.S.C. §11432(f)(5).
6. 42 U.S.C. §11432(g)(1)(J)(ii).
7. 42 U.S.C. §§11432(g)(6)(A)(i)-(ii).
8. 42 U.S.C. §11432(g)(1)(J)(iv).
9. 42 U.S.C. §11432(g)(6)(A)(ix).
10. 42 U.S.C. §11432(g)(6)(A)(x)(III).
11. 42 U.S.C. §11432(g)(6)(A)(iv).
12. 42 U.S.C. §11432(g)(6)(A)(vi).
13. 42 U.S.C. §11432(g)(3)(A).
14. 42 U.S.C. §11432(g)(3)(B).
15. 42 U.S.C. §11432(g)(3)(I).
16. 42 U.S.C. §11432(g)(1)(J)(iii).
17. 42 U.S.C. §11432(g)(3)(C).
18. 42 U.S.C. §11432(g)(1)(I).
19. 42 U.S.C. §11432(g)(3)(E)(i).
20. 42 U.S.C. §11432(g)(1)(F)(iii).
21. 42 U.S.C. §11432(g)(3)(I).
22. 42 U.S.C. §11432(g)(6)(A)(iii).
23. 42 U.S.C. §11432(g)(1)(F)(ii).
24. 42 U.S.C. §11432(g)(6)(A)(x)(II).
25. 42 U.S.C. §11432(g)(1)(K).
26. 20 U.S.C. §6313(c)(3)(A).
27. 20 U.S.C. §6313(c)(3)(C)(ii).
28. 20 U.S.C. §§6311(h)(1)(C)(ii) and (iii)